

**4. Bay paran posiblite kontakte manb estaf grasa divès mwayen kominikasyon: telefòn, konpitè... Sitou, estaf la va disponib pou konsiltasyon ak paran:**

- *Pwofesè saldeklas va disponib a setè trant dimaten (7:30 am) epi a dezè kenz lapremidi (2:15 pm) pou konferans*
- *Pèsonèl administrasyon ak estaf sipò va disponib a setè trant maten (7:30 am) epi diran jounen lekòl, si sa nesesè*

**5. Bay paran opòtinite fè volontarya epi patisipe nan saldeklas pitit-yo, epitou paran va gen opòtinite obsève aktivite saldeklas, men nan ki fason**

- *Sòti òganize (field trips)*
- *Mentoring (konseye elèv)*
- *Ede pwofesè-yo avèk aktivite saldeklas*

**Responsablite Paran**


Nou menm, paran, va ede aprantisaj pitit-nou nan fason sa-yo:

- Fè sèten pitit-mwen gen tout founiti klasik ki nesesè epi pare pou lekòl chak maten;
- Kontwòle si pitit-mwen lekòl alé pou swiv klas-la;
- Fè sèten pitit-mwen konplete devwa-li;
- Kontwòle tan pitit-mwen gade televizyon;
- Fè volontarya nan saldeklas pitit-mwen;
- Patisipe, kòm sadwa, nan desizyon ki konsènen edikasyon pitit-mwen;
- Ankouraje pitit-mwen itilize pozitivman tan li pase andeyò etid akademik li;
- Rete enfòm sou edikasyon pitit-mwen epi pran kominikasyon lekòl-la oserye lè mwen fè lekti san pèdi tan de tout notifikasyon mwen resevwa de lekòl-la oswa de distri eskolè a, notis pitit-mwen resevwa oswa notis nan lapòs epi reponn, kòm sadwa;
- Nan mezi sa posib, egzèse fonksyon kòm manb gwoup komite konsiltatif sou adopsyon regleman, politik ak direktiv, tankou vin reprezantan paran nan Title I, Pati A, Komite Konsiltatif lekòl (SAC), Fowòm Konsiltatif Lekòl (SAF), Komite sipèvizyon (Governing Board) oswa Komite konsiltatif Paran LEA Title I Ekzekitif oubyen vin manb lòt komite konsiltatif distri/lekòl oubyen manb gwoup ki pran desizyon pou pwogram.

**Responsablite Elèv**


Mwen-menm, \_\_\_\_\_, kòm elèv, va pataje responsablite amelyore rannman akademik mwen epi reyalyze nivo wo estanda Leta tabli. Sitou, mwen va:

- Fè devwa mwen toulejou epi mande éd lé mwen bezwen.
- Fè lekti omwens 30 minit toulejou andeyò tan lekòl.
- Bay paran mwen oswa granmoun ki responsab byennèt mwen tout notis ak enfòmasyon mwen resevwa de lekòl la toulejou.

  
Lekòl

Paran

Elèv

  
Dat

Dat

Dat

**Lauderhill Paul Turner Elementary School**  
**KONTRA LEKÒL-PARAN**  
**2021-2022**

*(School-Parent Compact 21-22)*

Lauderhill Paul Turner Elementary School, paran epi elèv ap patisipe nan aktivite, sèvis, ak pwogram ki resevwa finansman nan men Title I, Pati A lwa Chak elèv reyisi [ Every Student Succeeds Act (ESSA)] (timoun patisipan), dakò kontra sa esplike jan paran, tout estaf lekòl-la ak elèv-yo va pataje responsablite amelyore rannman akademik elèv-yo epitou pataje resous ak mwayen ke lekòl la ak paran-yo va mete anplas epi paran ak lekòl-la va fòme yon patenarya ki va ede timoun-yo reyalize nivo wo nòm nan aprantisaj leta tabli.

Kontra sa lekòl-paran ap an vigè diran ane eskolè 2021-2022.

**Responsablite Lekòl**

Lekòl (The ABC School) va:

**1. Founi yon kourikoulòm ak enstriksyon bon kalite nan yon anviwonman aprantisaj efikas e estriktire ki pèmèt elèv patisipan satisfè nòm nan aprantisaj ke leta tabli; men nan ki fason:**

- *Asire yon anviwonman an sekirite epi estimilan*
- *Ogmante o-maksimòm efikasite enstriksyon lè yo kenbe pwofesè-yo enfòme sou estrateji ak metòd enstriksyon ki pi resan*
- *Amelyore reyisit elèv nan lekti, ekriti, matematik ak syans*
- *Kolabore ak paran epi kominote nan yon patenarya ki karakterize pa komunikasyon epi respè mityèl*
- *Anseye epi sipòte valè esansyèl tankou onnèktete, sanfwa, respè, jantiyès, sivilis, tolerans, kowoperasyon ak responsablite*

**2. Òganize reyinyon paran-pwofesè (omwens chak ane nan lekòl primè). Pandan reyinyon-yo nou va diskite kontra sa paske li konsène rannman endividyèl elèv. Sitou, reyinyon sa yo va fèt:**

*Kontra a diskite diran:*

- *Title I Open House (Vizit ak oryantasyon Title I pou fanmi) nan mwa Septanm*
- *Reyinyon chak mwa pou paran*
- *Konferans ki va fèt omwens de fwa nan ane a avèk pwofesè saldeklas*

**3. Paran va resevwa regilyèman kanè eskolè sou pwogrè pitit-yo. Presizeman, lekòl-la va bay kanè, jan sa esplike anba a:**

- *Lekòl la va bay kanè pwovizwa nan mitan chak trimès.*
- *Lekòl la va bay kanè eskolè nan fen chak trimès.*
- *Paran va resevwa lakay yo dènye kanè eskolè pitit-yo; kanè a va gen rezilta tès estanda.*